

SEPTANM SE MWA POU CHÈCHE KONNEN AK FÈ KONEN SOU KANSÈ NAN OVÈ

KISA YON OVÈ YE?

Ovè se yon ògàn repwodiktif, jeneralman genyen de (2), nan zòn pelvik yon fanm. Ovè yo se sous primè pou òmòn sèks ak estwojèn nan yon fanm.

KISA NANSÈ NAN OVÈ YE?

Kansè nan overive nan nivo selil swa sou oubyen andan ovè yo. Souvan yo rele kansè nan ovè an “Tyè Silansye” paske siy ki asosye avèk sentòm kansè nan ovè ka piti piti oswa pa egzistan ditou jiskasek maladi an vinn rive nan yon etap avanse. Pou kòmanse pwosedi an pou idantifye kijan kansè an pwopaje; genyen kat (4) etap avèk kansè nan ovè. Kansè nan ovè se sinkyèm kòz lanmò e sètyèm kansè ki pli komen, apa de kansè sou po nan fanm. An akòdans avèk Sosyete Ameriken Pou Kansè (American Cancer Society’s) yo estime an 2005, kansè nan ovè pral tounen sètèm kòz pou kansè pou fanm (22,220 ka nouvo) ak katryèm kòz pou lanmò kansè (16,210 ka).

Le plito yo fè dyagnostik pou fanm la, le pli meye pou li jwen opòtinite pou tretman ak gerizon.



Ki moun ki nan risk pou kansè nan ovè?

- Malgre ke nan plis ka yo li rive nan fanm ki gen 50 an ou plis, maladi sa ka rive nan fanm ki pli jèn tou;
- Fòm lepli komen—epitelyal—nòmalmman rive nan fanm ki gen 40 an ou plis; ak
- Risk pou tout fòm de maladi ogmante depi ou kòmanse 40 ane daj.

Siy ak sentòm

Kansè nan ovè souvan pa montre siy oubyen sentòm jiskaseke maladi an Nin rive nan yon etap avanse ki enkli:

- Malèz nan vant ak/oubyen doulè;
- Noze, dyare, konstipasyon oubyen pipi souvan;
- Pèt apeti;
- Gonfleman oubyen santi ke ou plen menm aprè yon repa ki lejè;
- Ganye oubyen pèdi pwa san rezon; ak
- Senyen nan vajen nan yon fason ki pa nòmalm.

Malgre ke gen de fanm ki gen siy ak sentòm, sa yo jwen pa endike sentòm kansè ovè.



KENBE YON
WÒL NAN.

Dyagnostik Pou Kansè Nan Ovè

Tout fanm dwe konsilte yon doktè ki ka fè egzamen phizik an/oubyen kòmande tès dyagnostik ki nesèsè. Oken tès sondaj ki janm montre pou redwi riks lanmò kansè nan ovè. Yo dekouvri pandan etap bonè de kansè ovè 25% sèlman Yo ankouraje tout fanm pou kenbe yon wòl aktif nan sante yo!

Risk faktè pou kansè nan ovè

- Istwa Fanmy an: Si yon oubyen plis manb nan fanmi w (manman, pitit fi, oubyen sè) te gen maladi an;
- Fanm ki soufri kansè nan tete, endometryal, oubyen kansè nan kolon tou gen pi gwo chans pou devlope kansè nan ovè ke lòt fanm ki pa gen kansè sa yo;
- Laj: Chans sa yo ogmante kòm fanm la ap vinn pli aje; ak
- Laj Pou fè Pitit: Fanm ki pa janm fè pitit avan gen plis chans pou devlope maladi sa ke fanm ki deja te fè pitit.

Pwoblèm kansè nan ovè

- An 2005, yo estime 22,220 nouvo ka pral rive Ozetazini.
- An 2005, apeprè 16,210 fanm Ameriken pral mouri avèk maladi sa.
- Yo dekouvri apeprè 1,500 ka kansè nan ovè chak ane nan Laflorid.

Rele oubyen vizite pou ka jwen plis enfòmasyon sou Kansè nan Ovè:

Biwo Pou Prevansyon Maladi Kwonik ak Pwomosyon Lasante
850-245-4330, www.doh.state.fl.us/family/cancer

Sant Pou Kontwòl Ak Prevansyon Maladi, www.CDC.gov

Sosyete Ameriken Pou Kansè, www.cancer.org

Sant Nasyonal Enstiti Pou Kansè The National Cancer Institute 1-800-4-Cancer

Sistèm Done Sou Kansè Pou Laflorid, Enrejistreman Tout Otou Florida Pou Kansè (Cancer Data Systems, Florida's Statewide Cancer Registry), <http://fcds.med.miami.edu/>